

Jounen mondyal kont travay timoun

MOUVMAN MONDYAL KONT TRAVAY TIMOUN

Menm si gouvenman yo dwe mennen batay la kont travay timoun, nòm entènasyonal nan OIT make wòl empòtan òganizasyon patron yo ak travayè nan devlope ak egzekite pwogram aksyon. Anpil

organizasyon nan soyete civil la enplike yo nan batay kont travay timoun. Kreyasyon mouvman mondyal kont tavay timoun nan globalman, nasyonalman ak lokalman rete yon priyrite.

VIN PATISIPE AK NOU JOU K' AP 12 JEN 2012!


Jounen mondyal kont travay timoun, ap mete sensibilizasyon ak inisyativ sa yo kont travay timoun. Sipò jounen mondyal sa ap grandi chak ane, nou espere jounen mondyal 2012 sa ap jwenn anpil sipò.

- Nou ta renmen òganizasyon w lan ak ou patisipe nan jounen mondyal ane 2012.
- Vin patisipe ak mete vwa w ansanm ak nou nan batay atravè lemond kont travay timoun.
- Pou gen pi plis enfòmasyon, ekri nou nan ipec@ilo.org.

12 JEN 2012



DWA MOUN AK
JiSTiS SOSYAL



Jounen mondyal kont travay timoun

12 JEN 2012

**AN NOU ELIMiNE
TRAVAY TiMOUN YO**



JOUNEN MONDYAL KONT TRAVAY TiMOUN

Ane sa, jounen mondal kont travay timoun ap mete aksan sou dwa tout timoun yo genyen pou yo jwenn poteksyon kont travay ak kont violasyon dwa fondamental moun. Nan 2010, kominote entènasyonal la te adopte yon **plan pou elimine pi move fòm travay timoun pou rive ane 2016**, ki lonje dwèt sou travay timoun ki se yon obstak nan dwa timoun ak yon obstak nan devlopman. Jounen mondal ane 2012 la ap met aksan sou rès chemen ki ret pou fèt pou plan yo genyen an kapab yon reyalite.

Objektif konvansyon OIT yo vle pwoteje timoun ki ekspoze ak travay. Konvansyon sa yo nan kolaborasyon ak anpil lòt enstriman entènasyonal ki gen pou wè ak dwa timoun, dwa travayè, ak dwa moun, bay yon fondasyon enpòtan pou lwa kite etabli yo nan govènman yo. Men daprè resansman OIT, 215 milyon timoun ap travay nan mond lan, gen plis pase mwatyé ladan yo ki ap fè vye fòm travay nan move kondisyon¹.

NÒM OIT SOU DWA TRAVAY

Yo konsidere tout prensip ak dwa 8 konvansyon OIT yo kòm dwa moun pou tout eta manm OIT yo ta dwe respekte, fè konnen yo epi itilize yo. « Prensip ak dwa fondamental nan travay » gen ladann libète asosasyon ak dwa pou negosye ansanm, eliminasyon travay fose, **abolisyon travay timoun yo**, epi eliminasyon diskriminasyon nan kad travay ak okipasyon. kat kategori dwa sa yo ranfòse youn ak lot: eliminasyon travay timoun yo ap kapab reyalize pi vit, pi rapid lè tout lòt dwa yo respekte.

Yon vizyon global sou nòm entènasyonal yo ap fèt nan Konferans entènasyonal Travay (CIT) an jen 2012. Konferans sa a ap gade de rapò ki enpòtan anpil ki montre ki pwogrè yo fè ak ki defi yo rete pou yo leve pou nòm sa yo aplike.

Nan zafè travay timoun, **konvansyon OIT nimo 138 sou sou pi piti laj la, 1973**, egzise pou eta ki manb yo etabli nan lwa yo yon pi piti laj pou travay. Yon peyi kip a gen bon jan lekol epi bon jan devlopman ka, selon sèten kondisyon, mete yon premye etap, a 14 lane².

Konvansyon OIT nimo 182 sou pi move fòm travay timoun, 1999, mande pou nou pran aksyon imedyat epi pou n asire entèdiksyon elimine vye fòm travay timoun yo an ijans. Pi vye fòm travay timoun yo defini tankou:

Timoun sa yo ta dwe ale lekol pou yo resevwa edikasyon, epi jwenn ladrès pou prepare yo pou jwenn bon jan travay lè yo vin granmoun. Lè yo rantre nan travay bonè ya, yo pa jwenn yon bon edikasyon ak fòmasyon desizif pou ede yo, fanmi yo ak kominote kote yap viv la pou sòti nan mizè. Timoun ki enplike nan pi vye fòm travay timoun yo ekpoze nan soufrans nan kò yo, lespri yo, oswa moral yo ki ka fè touttan y ap grandi gen gro pwoblèm nan lasante.

Nan okazyon jounen mondal sa, nou ankoraje:

- Ratifikasyon inivèsèl konvansyon OIT sou travay timoun (avèk tout lòt konvansyon fondamental OIT yo).
- Adopte anpil politik ak pwogram nasyonal pou garanti pwogrè tout bon pou elimine travay timoun yo.
- Pou mete sou pye bon jan pwogram pou mouvman mondal kont travay timoun yo ka vin pi gwo.

- Tout fòrm esklavaj ki ta sanble tankou vann ak trafik timoun yo, esklav pou peye dèt ak sèvitid, travay fose oswa travay obligatwa, ki gen ladan rekritman timoun ou byen fose yo patisipe nan konfli ame yo.
- Itilizasyon, rekritman oswa bay yo nan aktivite ki pa legal, tankou trafik dwòg, jan yo defini l'nan konvansyon entènasyonal ki gen pou wè ak sa yo.

- Itilizasyon, rekritman oswa bay yo pou fè pwostitisyon, pou yo fè fim oubuen lòt materyèl pono, oubyen pou yo fè espektak pono.
- Travay ki, pa nati yo oswa sikontans nan kote yo egzèse, gen plis chans pou nwì sante yo, fè yo pa byen viv oswa nwì moral timoun yo. Otorite nasyonal yo ta dwe detèmine travay sa yo.

LÒT NÒM AK DEKLARASYON FONDAMENTAL ENTÈNASYONAL

Nan ane pase yo, gen anpil sensibilizasyon kap fèt pou timoun yo ka resevwa edikasyon ak pwoteksyon, sa ki te fè te vinn gen anpil nòm entenasyonal ki fèt pou ede gouvenman yo fè lwa nasyonal.

Deklarasyon dwa moun avèk nasyon In mete pi wo dwa pou edike li di konsa « tout moun gen dwa pou yo konn li. Edikasyon sa fèt pou li gratis, li ta dwe rive pou pi ba nan klas primè ak fondamental. Ansèyman primè yo obligatwa. Ansèyman teknik ak pwofesyonèl ta dwe jeneralize...»

Ratifikasyon **konvansyon ONU ki gen pou wè ak dwa timoun** prèske inivèsèl. Konvansyon an di tout timoun gen dwa pou yo jwenn peoteksyon kont tout travay ki reprezante yon danje oswa anpeche edikasyon yo, nwì sante yo oubyen

devlopman fisik, mantal, moral ak sosyal. Li montre tou ke ansèyman primè dwe yon obligasyon epi tout timoun dwe jwenn li gratis epi ankourage devlopman nan diferan fòm nan ansèyman segondè ki disponib ak aksesib pou tout timoun. Anplis, Asamble Jeneral Nasyon Zini adopte de pwotokòl ki dwe nan konvansyon an pou ogmante pwoteksyon timoun kont patisipasyon nan konfli ame, epi tou kont eksplwatasyon seksyèl³.

Empòtans pou pwoteje pwensip ak dwa fondamental nan travay pandan kriz finansyè ak travay mondal la te parèt nan kominike **somè G20** ki te fèt novanm 2011 ki ankourage OIT pou l kontinye ankourage ratifikasyon ak aplikasyon konvansyon fondamental ki garanti pwensip ak dwa fondamental nan travay.


RATIFIKASYON AK APLIKASYON OIT KONVANSYON SOU TRAVAY TIMOUN

Byenke konvansyon OIT sou travay timoun se youn nan konvansyon yo plis siyen li ta bon pou peyi ki poko ratifye l

POLITIK AK PROGRAM NASYONAL

Konvansyon OIT #182 mande pou chak eta manm ki ratifye konvansyon an fè ak aplike program pou elimine pi vye fòm travay timoun. Anpil peyi gentan etabli plan aksyon nasyonal ki bay yon fondasyon pou reyalize objektif sa a. Poutan, anpil peyi yo poko

fè sa, sa ki fè l déjà yo li ta bon pou yo ta fè yon ti kontwòl ak evalyasyon sisà ta nesesè. Si nou vle reyalize objektif anbisye nan eliminasyon pi move fòm travay timoun nan 2016, mezi ijans sa yo dwe pran kounye a!



¹ Dènye kontwòl ki fèt yo montre 127 milyon ti gason ak 88 milyon nan tifi nan zafè travay timoun, ladan yo gen 4 million ti gason a 41 milyon tifi ki nn vi move fòm travay yo.

² Lwa nasyonal ap ka otorize timoun ki gen 13-15 lane pou yo fe ti travay ki pa ni lou epi ki pap nwì ni lekòl yo, ni lasante yo, ni devlopman yo. Timoun ki gen 12-14 lane ki nan peyi kote pi piti laj la se 14, ka mande pou yo fè ti travay lejè.

³ Pwotokòl fakiltatif konvansyon dwa timoun sou zafè timoun nan konfli ak zam ak pwotokòl fakiltatif sou zafè vann timoun, prostitusyon timoun ak pònografi ki fèt ak timoun.